Маршо Радио

КЕРЛАНАШ

# Нохчийчохь некъан бохамехь меттигера вахархо велла ницкъахочун карах- NIYSO

Мангал-бутт 05, 2026




Гайтаман сурт

Нохчийн NIYSO боламо хаам бина махкара вахархо ницкъаллин структурийн белхахочун карах некъан бохамехь кхалхарх лаьцна. Жигархоша кест-кеста хаам бо регионехь адамийн бакъонаш талхош хиларх а, цхьацца хиламаш цигахь хуьлуш хиларх. Меттигерчу Iедалша а, пачхьалкхан хаамийн гIирсаша а царах лаьцна дуьйцуш дац. Нохчийчоьнан Лакхарчу кхело NIYSO "экстремистийн организаци" йу аьлла дIакхайкхийна.

Боламо дийцарехь, бохам хилла мангал-беттан 3-чу дийнахь Ахмат-Юьртахь, Мовсар цIе йолу, ВАЗ-21099 машенлелорхо велла. Жигархоша чIагIдо, инзаре чехка хьехкина йогIу "Оьрсийчоьнан рожан векалан" машен цуьнан машенах кхетта бохуш. Мовсарца цхьаьна машен чохь цуьнан бераш а хилла, уьш дийна дисина, амма кеп-кепара чевнаш йина ду.

NIYSO-н хаамашца, велларг ваьхначу БIачи-Йуьрта баьхкина хилла бехкеволчун гергара нах а, администрацин белхахой а кху беттан-4-чохь. Цара Мовсаран доьзална тIедожийна некъан бохамана къугбехке волчунна гечдар, и тIевитар.

"Цхьана а кепара жоьпалла цунна тIе диллина дац. Иштта болх беш ма дуй нохчашлахь Оьрсийчоьнан низамаш. МогIаперчу бахархошна таIзар до, уггар шога, ткъа рожаца боьзначу нахана, цхьана а кепара низам дац", - дIахьедина жигархоша.

Нохчийчуьра Iедалхоша хиллачух лаьцна аьлла дош дац.

- Стигалкъекъа-баттахь, NIYSO-но дIахьедарца, Соьлжа-ГIалахь некъан бохамехь ницкъаллин структурийн белхахойн бехкана велира 62 шо долу Вазархонов ТIахIир. Дронна тIаьхьабевллачу заманчохь кадыровхоша шайн машен цуьнан машенна тIетоьхнера.
- Нохчийчоьнан куьйгалхочун кIентан Кадыров Адаман Соьлжа-ГIалахь некъаца бохам хиллачул тIаьхьа Iонжар дIадаьккхина. 18 шо долчу кIентан иштта лазийна бIаьрсинан пха а, чIагIдо "Новая газета Европа" хьосто.

Радио Маршо - Instagram
Радио Маршо - YouTube
Радио Маршо - Facebook

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю